

LEAD-FREE



Enfòmasyon sou Tès Plon

PA GENYEN OKENN NIVO KONTAK AK PLON KI SAN DANJE

Pa genyen okenn nivo kontak ak plon ki san danje, men, CDC fikse nivo federal pou aji an se lè li nan yon nivo plon nan san ki se 3.5ug/dL*.

Tès ki pi komen pou plon se yon tès Nivo Plon nan San. Sa pral sèlman detekte plon nan san an.

Tès plon ka kòmanse ak yon tès kote yo pike dwèt, oswa talon pye. Oubyen, yo ka itilize san yo pran nan venn nan.

Si yo detekte yon nivo plon ki wo, founisè swen sante ou ak biwo sante ki nan lameri nan zòn ou a ka travay avèk ou pou devlope yon plan pou retire oswa diminye plon ki nan pitit ou a, teste lòt timoun oswa lòt moun nan kay la ki frajil, epi fè aranjman pou retire plon oswa aranjman sèvis tretman plon.

Menm si li pa obligatwa pou fanm ansent yo fè tès pou plon, li rekòmande pou li mande yon tès plon kòm yon pati nan tès depistaj prenatal la.

LWA NEW JERSEY EKZIJE TÈS PLON POU:

- Timoun ki gen 1 ane
- Timoun ki gen 2 ane
- Timoun ki gen ant 2 ak 6 ane ki pa janm fè tès la
- Timoun ki poko gen 6 ane yo sispèk li te gen kontak ak plon

ÈSKE OU SISPÈK YON KA ANPWAZÒNMAN PLON? AL FÈ TÈS LA!



KLASMAN NIVO SAN

Nivo plon nan san ki wo	3.5-19 µg/dL
Anpwazònman ak plon	>20 µg/dL
Ijans Medikal	>45 µg/dL
Nivo ki ka touye moun (kay timoun)	>150 µg/dL

* (µg/dL) mikrogram pou chak desilit

Èske ou te konnen?




Malgre nivo plon nan san an kapab diminye aprè yon moun gen kontak ak li, plon ka rete nan zo timoun yo epi vin parèt pita nan lavi yo, sa ki ka afekte pèfòmans yo lekòl, oswa menm lakoz konplikasyon nan gwosès lè yo granmoun.

Pifò pedyat ak biwo doktè fanmi yo ofri tès plon nan san. Anpil asirans sante ofri tès san pou plon gratis, men biwo sante ki nan lameri yo kapab yon mwayen pou jwenn tès gratis, si pri a se yon pwoblèm.

Pou pasyan avèk nivo plon ki wo oswa pi wo jiskaske li vin toksik nan san, li enpòtan pou yo konsilte yon pwofesyonèl swen sante epi ale nan yon biwo sante piblik nan zòn yo pou asire ke yo pa gen kontak ak plon ankò.


Radyografi nan vant, dekontaminasyon nan entesten ak/oswa tretman avèk yon terapi ki retire tout sa ki toksik ka aplike nan yon nivo kontak ak plon ki pi wo. Terapi ki retire tout sa ki toksik itilize yon medikaman ki kole ak tout sa ki an fè nan kò a.



Tès Kay ki gen penti /Pousyè ki gen plon



Ka fèt pa yon enspektè ki sètifye nan zafè plon atravè tach chimik ki teste oswa echantyon pousyè ak kras penti.



Tès Dlo

Kontakte depatman sante piblik nan zòn ou ak/oswa sèvis piblik dlo a pou teste dlo a.

Tès Plon nan Lekòl yo



Lekòl yo oblije fè tès plon nan dlo yo itilize pou bwè ak pou kwit manje chak twazan. Rezilta yo afiche sou yon sit entènèt Eta a.



Lead-Free New Jersey pran angajman pou edike rezidan ak lòt responsab, pou yo kapab devlope yon seri solisyon pou jere plon nan penti, dlo ak tè nan kay, lekòl ak gadri timoun. Ansanm AN NOU RETIRE PLON.

